# Татлымурат Атамуратов «Меҳнат фахрийси» көкирек белгиси менен сыйлықланды

Image not found or type unknown

Тарийх илимлериниң кандидаты, билимлендириў тараўының ветераны, Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы Қарақалпақстан бөлиминиң баслығы Атамуратов Татлымурат Жумамуратович Өзбекстан ветеранларының социаллық жумысын қоллап-қуўатлаў «Нураний» қоры қәўендерлик Кеңесиңиң карарына муўапық «Меҳнат фахрийси» көкирек белгиси менен сыйлықланды.

Атамуратов Татлымурат Жумамуратович өзиниң 50 жыллық мийнет жолы даўамында тек ғана халық билимлендириў тараўында емес ал мәмлекетлик басқарыў тараўында да  ҳәр қыйлы жуўапкершиликли лаўазымларда жумыс алып барды.

Атап айтқанда 1990-1997-жылларда Қарақапақстан Республикасы Халық билимлендириў министри, 1997-2000-жылларда Қарақапақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары, социаллық мәселелер комплексиниң баслығы ҳәм 2000-2008-жылларда Тахтакөпир районы ҳәкими лаўазымларында жумыс алып барды.

Өз жумысына талапшаң Татлымурат Жумамуратович буннан соңғы жылларда да билимлендириў тараўында жумыс ислеп, тараўдың раўажланыўына, педагог кадрлардың маманлығын арттырыўда, сондай-ақ, келешек әўладқа тыянақлы тәлим тәрбия бериўдей ийгиликли ислерге мүнәсип үлес қосып келмекте.

Атамуратов Татлымурат Жумамуратович 2021-жылдың февраль айынан баслап Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы Қарақалпақстан бөлиминиң баслығы лаўазымында ислеп келмекте.

Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы Қарақалпақстан бөлиминиң мәлимлеме хызмети